ЦIЫХУМ зыхуей псори щи- гъуэт, псэукIэ Iэмалхэм зыщдужьа лъэхъэнэщ дэдыщыпсэур. Дунейм кIуэ пэтми нэхъ итхьэжьу цIыхум и гукъыдэжхэм махуэ хэс захъуэж, езыми зыщIэгупсысыжьныр нэхъ Iэпэдэгъэлэп ещI. Тхьилъхэми хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэми щIэнэ ямыIэу зыгуэр зыIэрыдгъэхьэным дыкъыхораджэ. Ухуейми-ухуэмейми, ахъшэ щIэбгъэкIуэрэ щхьэусыгъуэхэр кьыпхуауIэпэхъщ. ЗыльэмыIэсыр нэхъыбэ хъуху, езы цIыхуми ахъшэ нэхьыбэ кьыззрипэжьыным зрелщыт. Апхуэдэ хъуэпсапIэ зиIэ цIыхухэм тепщэгъуэр яIэрыхьэху, нэгъуэщI кьэралхэр езыхэм я жьIэ зэрыщIагъэувэным хущIокъу. Араща Мусрьыимэн диным дунеягъэри абы епха хъуэпсапIэхэри гуэныкьыр щыбгъагъуэ губгъуэу кьыщIилъытэр.

Алыхьыр гущIэгъуэкIэ зыхуэупсэн Iимам Рэббаний зэрепльымкIэ, нэхъ насыпифIэу къэплъытэн хуей цIыхур мы дунейм и цIуугъэнэхэм зыщIимышIэу, апхуэдэ тепщэжьэгъуэ. Дунеймии Алыхьталэми зэхуэдэу удахьэхынкI Iэмал иIэжьым. «ЗэгъащIэ, - жеIэ Iимам Рэббаний, - кьелакIэ уэзджэнур зи гур дунейм хуэзыгъэупщIыIуу, Алыхьталэм хуиIэ лъагъуныгъэмкIэ зыгъэнщIыфэрщ».

Дунеягъэм итхьэхъуам щыуагъэри гуэныхьри зрешалIэ. Абы упэльэщэ нэужьщ уи тхьэ хуэпщыIыкIэм лъабжьэ щигъуэтынур. Бэйхьэкьий кьыIуэтэжа хьэдисми кьыззригъэщIри нэфкIэ Iупльэжакъым». НэгъуэщI хьэдисми жеIэ: «Зэрыдунейуэ Алыхьталэм и нэлатым щIэтщ, Езым утезымыгъэплъэжькIым нэмыщI». Ислъам диным и еплъыкIэкIэ, «дунеягъэ» псалъэм хеубыдэ уи гульытэр Алыхьталэм бгъэдэзыш псори. НэгъуэщIу жыпIэмэ, езы дунейракъым нэлат зытелъыр. Абы и фIыгъуэхэр Алыхьталэм и арэзыныгъэкIэ къэбгъэщхьэпэмэ, дуней гъащIэр ахъэрэтым щыIутхьжьну гъавэр щыхэтсэ губгъуэ тхуэхъунущ. Ауэ цIыхум дуней фIыгъуэ гуэр кьызэрильагъуу, кьыщIагъэщIа дыдэр Iэщ1огъупщыкIри, Алыхьу лъагэрэ лъапIэр кьыфIэмыIуэхужу мэхъу.

«Алыхьталэм и цIэмкIэ гъэнщIа Iэпкъльэпкъым и нальэхэр хиубыдэркъым а нэлатыр зытехуэнухэм, - пещэ и гупсысэм Iимам Рэббаний. - Абы кьыжьIыу, Алыхьталэм и цIэр зыIурыпIыр унэхуэакъым, дунеягъэм итхьэкъуауи пхужыIэнукъым. Сыту жыпIэмэ, дунеягъэкIэ уэзджэнур Алыхьталэр кьыпфIэмыIуэхужу узыщIырщ». Псалъэм папщIэ, хьэпшып, къулыкъу, пщIэрэ щIыхьрэ. «Наджм» сурэми щыжеIэ Алыхьталэм: «Уи щIыб яхуэгъаззэ Дэ яжетIэм зи щIыб хуэзыгъаззауэ, дунеягъэм фIэкIа къызыфIэмыIуэхуэхэм».

Дунейм итхьэкъуар и щхьэм и бийц. Абы и гупсыси, и лажьыгъи зэбгрыдзауэ щымытынкIэ Iэмал иIэкъым, ахърэтым зыхуигъэхьэзырынри кьехъулIэнукъым. Апхуэдэхэм я гъащIэр кьаухуэмыщхьэпэжу, ар Алыхьталэм фIэфI Iуэхуми трамыгъэкIуадэу мэпсэури, ахъэртми щагъуэтыжьным емылIалIэу, я псэукIэр дуней фIыгъуэр зэхуэхьэсыным трахуэ. Жиащ Iимам Рэббаний: «Алыхьталэр зыхуейм тедмыгъэкIуадэ дуней фIыгъуэ псори ахъэртэм бийм ыкIыщIыгъэщIэжьыкIыщ». Мы дунейм итхьэхуаэм кIыфIым хэтым ещхьу къауущыхь, итIанэ ахъэртым щыщIогъуэж. «Дунеягъэм уимытхьэкъун» жиIэм кьикIыр ар фIыуэ умыльагъуныр, абы мыхьэнэщхуэ имытынущ.

Дауэ-тIэ къызэрыпщIэнур Алыхьталэр кьыпхуэмыарэзын хуэдизкIэ дунейм уитхьэкъуафэ умытхьэкъуаро? Iимам Гъэзалий чэнджэщ кьыдет абы теухуауэ. Уэ зыгуэр уиIэрэ абы шэч хэмылъу хуэныкъуэ цIыху плъагъумэ, ауэ удэгущыIэну уи гум кьыпхуимыдэмэ, дунеягъэм уитхьэкъуауэ араща. Апхуэдэм мы дунейм кьыщIытрагъэхьар щыгъупщапащ. Ар ещхьщ фIамыгъэж щыIкIэ идджри удэ тIэкIу жьэдилъэфэну пIащIэ мэлым.

Алыхьар арэзы зыхуэхъун хьалиф Алий зыгуэр ящIащ: «ЦIыхур дунейм нэхъ хуэщIарэ ахърэтым нэхъ хуэщIарэ дауэ кьызэрыпщIэнур?» Алий жиIащ: «Уэ зыгуэр кьызэрыпхуащIэм нэхъ ущыгугфIыкIмэ, мы дунейм урицIыхуу аращ. Уэ езым нэгъуэщIым зыгуэр хупщIну нэхъ пфIэфIмэ, ахъэртым урицIыхущ».

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

«Ясин» сурэм епха фIыгъуэхэр

«Гу зимыIэ щIыпIэкъыми, КъурIэным и гур «Ясинырщ»» хьэдисыр куэдым зэхахагъэщ. Мы тхыгъэ кIэщIым щызэхуэтхьэсащ ислъам щIэныгъэлIэм къаIуэтэжау е ягъэунэхуауэ къыптлъаГъэIэса а сурэ лъапIэм къыдэкIуэ фIыгъуэхэм ящыщ зыбжанэ.

«ЯСИНЫМ» зэ къеджар КъурIэным 10 икIам хуэдэщ. Абы дунейм гуныкьуэгъуэри пщIыхьщIэх, ахърэт болъхьми укърегъащI. Уи щхьэри, уи унагъэри, уи мылъкури къэзыхъумэ сурэщ «Ясинырщ». Сурэр зэрыщIытуи кьыпщхьэпэнущ, абы и Iэятхэр щхьэхуэ-щхьэхуэуи къэбгъэсэбэп хъунущ.

◆Махуэ къэс «Ясин» сурэм и етIуанэ Iэятыр («Уэл КъурIанин хьэкиим») 100-рэ кьыубжмэ, узыхэпсэукI мылъкур бэгъуэнущ.

◆Пщэдджыжь нэмэз нэужьым 100-рэ 4-нэ Iэятым («Гъэла щиратIим мустэкьиим») кьеджэр Алыхьталэм пщылI пэж хуэхъунущ.

◆Бий шынагъуэм зыщIипхъумэнымкIэ сэбэп мэхъу 6-нэ Iэятым укъеджэныр е тхауэ кьызdjепхьэкIынур. Апхуэдэхэм я гъащIэр кьаухуэмыщхьэпэжу, ар Алыхьталэм фIэфI Iуэхуми трамыгъэкIуадэу мэпсэури, ахъэртми щагъуэтыжьным емылIалIэу, я псэукIэр дуней фIыгъуэр зэхуэхьэсыным трахуэ. Жиащ Iимам Рэббаний: «Алыхьталэр зыхуейм тедмыгъэкIуадэ дуней фIыгъуэ псори ахъэртэм бийм ыкIыщIыгъэщIэжьыкIыщ». Мы дунейм итхьэкъуаэм кIыфIым хэтым ещхьу къауущыхь, итIанэ ахъэртым щыщIогъуэж. «Дунеягъэм уимытхьэкъун» жиIэм кьикIыр ар фIыуэ умыльагъуныр, абы мыхьэнэщхуэ имытынущ.

Дауэ-тIэ къызэрыпщIэнур Алыхьталэр кьыпхуэмыарэзын хуэдизкIэ дунейм уитхьэкъуафэ умытхьэкъуаро? Iимам Гъэзалий чэнджэщ кьыдет абы теухуауэ. Уэ зыгуэр уиIэрэ абы шэч хэмылъу хуэныкъуэ цIыху плъагъумэ, ауэ удэгущыIэну уи гум кьыпхуимыдэмэ, дунеягъэм уитхьэкъуауэ араща. Апхуэдэм мы дунейм кьыщIытрагъэхьар щыгъупщапащ. Ар ещхьщ фIамыгъэж щыIкIэ идджри удэ тIэкIу жьэдилъэфэну пIащIэ мэлым.

Алыхьар арэзы зыхуэхъун хьалиф Алий зыгуэр ящIащ: «ЦIыхур дунейм нэхъ хуэщIарэ ахърэтым нэхъ хуэщIарэ дауэ кьызэрыпщIэнур?» Алий жиIащ: «Уэ зыгуэр кьызэрыпхуащIэм нэхъ ущыгугфIыкIмэ, мы дунейм урицIыхуу аращ. Уэ езым нэгъуэщIым зыгуэр хупщIну нэхъ пфIэфIмэ, ахъэртым урицIыхущ».

◆Щэджэжьыжь нэмэз нэужьым 100-рэ 4-нэ Iэятым («Гъэла щиратIим мустэкьиим») кьеджэр Алыхьталэм пщылI пэж хуэхъунущ.

◆Бий шынагъуэм зыщIипхъумэнымкIэ сэбэп мэхъу 6-нэ Iэятым укъеджэныр е тхауэ кьызdjепхьэкIынур. «Литунэирэ кьуэмэ ма Iунэирэ Iабаlухьум фэхьум гъафилуун».

◆ЩIэзакъуэм деж гужьей цIыхум 100-рэ 7-нэ Iэятыр кьыребжь: «Лэкъэд хьэкъкъэл кьэулу гъэла Iэкъэрэхьим фэхьум да йуминуун».

◆Ибн Къэйим итха «Задул махьад» тхьилъым иту жаIэ: унагъуэ зыухуэну хуейм (хъыджэбзми щIалэми) е, унагъуэ иIэ пэтми, насыпифIэу зыкъэзышмылытэжым «Ясиным» и 13-нэ Iэятыр тхьилъымIэм трыретхэ, ар псыкIэ кIэрырегъэхьжи, ирефэ: «Уэдриб лъхьэм мэсэлэн Iэщхьбэл къэрэйэти из джаIэхьэл мурсэлуун».

◆Къаугъэм пэIэщIэ зызышIыну хуейм цIыхум «Ясиным» и 17-нэ Iэятыр итхьэу кьыздрихьэкIмэ, кьыхуэщхьэпэнущ: «Уэ ма гъэлэйна иллэл бэлагъул мубиин».

◆Тхьэ уэ зиIэм 27-нэ Iэятыр иретхи кьыздрырехьэкI: «Бима гъэфэри ли рэббю уэ джэхьэлэни минэл мукрэмиин».

◆Сабийм жейр хуэзхуэзмыхьэсмэ, 29-нэ Iэятыр ятхри, и щхьэнтэ лъабжьэм щIалтхьэ: «Iин канэт илла щэйхьэтэу уахьидэтэн фэ иза хъум хъамидуун».

◆Жинхэм ящыхьмэ ухъун папщIэ, 32-нэ Iэятыр тхауэ кьыздепхьэкIыныр щхьэпэщ: «Уэ ин куллуп лэмма джэмиихьул лэдэйна мухьдэруун».

◆ЖэщищкIэ зэкIэпъыпьту 30-рэ (жэщ къэс 30-рэ) 42-нэ Iэятым кьеджэм Мухьэмэд Бегъымбар лъапIэу щ1элатымрэ сэламрэ зэхам епщIыхьын нэсыпыр кьыхуихуэнкIи хъунущ, зыми кьытримыха щIыпIэ хьэлэлым щыжеймэ: «Уэ хьэлэкъна лэхьум мим мислихьи ма ярэфуун».

◆ЩIэх-щIэхьурэ 47-нэ Iэятыр кьэзыбжьми мащэм кьыщратыну упщIэжэм жэуап иритынырэ кьехьэлъэкIынукъым: «Уэ иза кьилэ лэхьум Iэнфикьу мимма рэзэкъкумуллахьу. Кьалэ ллэзинэ кэфэру лиллэзинэ Iамэну Iэнутlхьиму мэл лэу яшаIулахьу Iэтхьэмэхьум ин Iэнтум илла фи дэлалим мубиин».

◆48-нэ Iэятыр кьыздезыхьэкIыр зэи псым итхьэлэнукъым жеIэри итщ духьэ тхьилъхэм: «Уэ якъуулуунэ мэта хьаззл уэгъду ин кунтум щадикъиин».

◆Бийм и зэран кьомыкIын, езыми и кьарур щIэкIын папщIэ, 65-нэ Iэятым укъеджэным утрагъэгушхуэ хьэлимхэм: «Iэл ямэ нэхьтиму гьэла Iэфуахьихьим уэ тэшхьэду Iэрджжулухьум бима кану якъиуун».

◆Тхьэмбыл, льатэ зэхэр зиIэм 66-нэ Iэятыр иретхи и тхым кIэрылъу кьрырехьэкI: «Уэ лэу нэшалуу лэтIэмэсна гьэла Iэгьйуникьим фэстэбжьу щиратIэ фэIэнна йубщируун».

◆Шейтlаным и Iейм зыщIызыхъумэну хуейр махуэм щэнейрэ 67-нэ Iэятым кьырередж: «Уэ лэу нэшалуу лэмэсэхьнахьум гьэла мэканэтихьим фэ мэ стэтIагъу мудыану уэ ла ярржихьуун».

◆ИщIэхьэкIэ зи гугъу тщIа «Задул мэхьад» тхьилъым зэритымкIэ, пщэдджыжь кьэс 68-нэ Iэятым кьеджэр ерыскъыншэ хъунукъым: «Уэ мэн нухьэммирхьу нунэккисхьу фил хьэлъкъ. Iэфэла ягькъилуун».

◆69-нэ IэятымкIэ нэ узым уепщэмэ, хьэужьнущ: «Уэ ма гьэлIэмнахьуш шигьрэ уэ ма янбэгъи лэжь. Iин хьууу илла зикруу уэ кьурIанум мубиин».

◆67-нэ Iэятыр мускускIэ е шэфраныскIэ птхьирэ ар зэрыкIэребгъэкIыжьа псым уефэкмэ, мывэ зэрылъ жьэжьейм хуэщхьэпэжа щIэнйагъэлIэхэм: «Лийунзирэ мэн канэ хьэййэу уэ йэхьикьэл кьэулу гьэлэл кафириин».

◆Сабий гьыринэр бгъэбэянр папщIэ, 73-рэ Iэятыр птхьуэ, и Iэпщ1ем е и щыгъыным кIэрыпщIэ хъунущ: «Уэ лэхьум фихьа мэнафихьу уэ машарибу. Iэфэла яшкуруун».

◆ЩIэныгъэлIэ зыбжанэм ятх «Ясин» сурэм и 78-нэ Iэятыр уIэтэхэмрэ къупщхьэ кьутамрэ бгъэхъужьыныкIэ щхьэпэ хъууэ. Абы щхьэкIэ а IэятымкIэ 40-рэ ахъуэ дагъэм (оливкэм кьыщIахуам) утобжэри, иужькIэ уIэгъэхэм щыбохуэ: «Уэ дэрэбэ лэна мэсэлэу уэ нэсийэ хьэлкъэхь. Кьалэ мэй йухьийил гьизамэ уэ хьийэ рэмиим».

◆Духьэ тхьилъхэм мыпхуэдэу итщ: «Нэ уэ зиIэм 29-нэ Iэятыр иретхи кьыздрырехьэкI: «Кьул йухьийи хьэл лэзий Iэнщ1эхьа Iэууэлэ мэрэрэхь. Уэ хьууэ бикулли хьэлкъин гьэлиим».

◆Гукъеуэ зыщIкъыщIызыхьну хуей цIыхур «Ясиным» и иужьрей Iэятым кьеджэрейуэ щытын хуейц: «Фэсубхьанэ лгъэ биядинхи малакуту кулли щэйIиу уэ илэйхьи турджжьхьуун».

◆ЩIхьэхуэу кьакIуэ хьэдисхэм ящыщщ: «Ясиным» пщэдджыжьым кьеджам маху э псом кьыпщыщIыль Iуэхуэр тынш щыхъунущ, жэщым кьеджам, нэху щыху и гуныкьуэгъуэхэр щхьэщахьнущ».

◆Кэсир и къуэ Яхья и псалъэхэри хэIуцIыIу хъуащ: «Пщэдджыжьым «Ясиным» кьеджар пщыхьэщхьэ хъуху насыпыфIэу щытынущ. Пщыхьэщхьэм кьеджар нэху щыху насыпифIэу щытынущ».

Дыгъэгъазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэпкIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	05:48	07:18	12:05	14:22	16:34	18:14
2, щэбэт	05:49	07:19	12:05	14:22	16:34	18:14
3, тхьэмахуэ	05:50	07:20	12:05	14:22	16:33	18:13
4, блыщхьэ	05:51	07:21	12:06	14:22	16:33	18:13
5, гъубж	05:52	07:22	12:06	14:22	16:33	18:13
6, бэрэжьей	05:53	07:23	12:07	14:21	16:33	18:13
7, махуэку	05:54	07:24	12:07	14:21	16:33	18:

И усэхэм хуэдэу, езыри къабзэт, гуапэт

УсакIуэ, уэрэдус Iэзэ Щоджэн Хьэбас Iэужь дахэ къыззэшIэкIа, пIалъэ кIэщIым къриубыдзу лъэпкъ литературэм зи гъэзэгу щыпхъышышхаэм ящыщщ.

ХьЭБАС Щэджэм Езанэм къщыдалъхуад, я къуажэ дэт курыт еджапIэм классиблар къщыдихуа иужь, абы кIыщым лэжьэн щыщIидзащ.

1952 гъэм Хьэбас Къэбэрдей-Балъкъэрым къафэмрэ уэрэдымкIэ и гупым я уэрэджыIакIэ пашэ мэхъу. Абы къыдэкIуэу, щылэзыIэр школым щIотIысхьэжри, къеух.

АдэкIэ ар ГИТИС-м актёрхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щIотIысхьэ. Ар къыуха нэужь, Щоджэнэр илъэситIкIэ театрым актёру, КъБР-м и телестудиеми режиссёру щылэжьащ. Москва щыщеджэм Хьэбас Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым къыщызэграгъэпэщ творческэ семинархэм кIуэу щытащ. Мис абдеж щыщIидзаяу абыхэм ящыщщ усакIуэ, зэдэзэкIакIуэ Iэзэ Гайкович Борис. Борис Щоджэным теухуаяу мы псалъэ гупэхэр итхаяу щытащ: «Цыхьэгъэшхуэ зыхэлъа си ныбжьэгъужьым «Большая медведица» (1961 гъэ), «Гум и уэхыскIэ» (1970 гъэ), «Земное притяжение» (1974 гъэ).

Хьэбас и усэхэр анэм, хэкум, адэжь щIыналъэм, лъэгунымгъэм, зэныбжьэгъугъэм теухуащ. Сыт и уасэ абы итха уэрэдыпкъэр: «Пусть годы летят как порошва», «Крылья орла», «Город звёздного металла», нэгъуэщIэхэри.

Абы и усэхэм псэм и хуабагъыр, цIыху гуапагъэр, лъэпкъ гупсысэр, гъащIэм и щIагъыбзэр Iэзэу къыщыгъэлъэгъащ.

ХъэтI щэрыуэкIэ лъэпкъ усыгъэм кхыхьыба Щоджэн Хьэбас икIи драматургт. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «К свадьбе все готово», «Хьэмидрэ абы и пэщIэщIэгъуэхэмрэ» зы едзыгъуэ хъу гушIэ пьесэхэр.

Къыпсэуар мащIэу куэд зыхуэзфIэкIахэм ящыщщ Щоджэнэр.

Хьэбас ныбжьыгъуэра цIыхухэр зэрагъэпэщ творческэ семинархэм кIуэу щытащ. Мис абдеж щыщIидзауэ щIалэр усэ тхыным нэхъыбэу дихьэх хъуащ.

Щоджэным и Iэдакъэщ Iэкъ усэхэр щыщIидзащ Щоджэнэр. Литературэ институтым и щIэныгъэ зыхэлъа си ныбжьэгъужьым щыщ Щоджэнэр.

Хьэбас ныбжьыгъуэра цIыхухэр зэрагъэпэщ творческэ семинархэм кIуэу щытащ. Мис абдеж щыщIидзауэ щIалэр усэ тхыным нэхъыбэу дихьэх хъуащ.

Щоджэным и Iэдакъэщ Iэкъ усэхэр щыщIидзащ «Квадьбе все готово», «Хьэмидрэ абы и пэщIэщIэгъуэхэмрэ» зы едзыгъуэ хъу гушIэ пьесэхэр.

Хьэпсэуар мащIэу куэд зыхуэзфIэкIахэм ящыщщ Щоджэнэр.

Хьэбас ныбжьыгъуэра цIыхухэр зэрагъэпэщ творческэ семинархэм кIуэу щытащ. Мис абдеж щыщIидзауэ цIыхухэр зэрагъэпэщ творческэ семинархэм кIуэу щытащ. Абыхэм ящыщщ усакIуэ, зэдэзэкIакIуэ Iэзэ Гайкович Борис. Борис Щоджэным теухуаяу мы псалъэ гупэхэр итхаяу щытащ: «Цыхьэгъэшхуэ зыхэлъа си ныбжьэгъужьым щыщ Щоджэнэр.

Щоджэным и усэхэм ящыщ зыбжанэ ди гупэу тыдодзэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Бжьыхьэ

Къру пщэ кIыхьхэр гублащхьэдэсэу
Хуабапlэм кIуэжхэу уафэгум итщ,
Бэвыгъэу уиIэр хэдмыгъэкIасэу
Къетхьэлжьыжнхэу нужьым дитщ...
Тхьэмпэ пыпчыхьэр мафIэс зэщIэблэу
Ущымысхьыжу жыгхэм ибодз,
Дыгъэри мащIэу щабэу къыпхуэблэу
Пшэжьхэм я къуагъкIэ и бзийр
къыкъуедз.
ЗэмкI нэщхьейуэ укъопэжьбауэр.
ЩIыIэм уи нэгур зэхиифащ.
Пшагъуэ тепIэну уэ къыптежьауэр
Си къуажэ цIыкIуми ныгтебуфащ.
ИIэжкъым хуабэ уи бжьыхьэ дыгъэм
Ауэ нэщхьейуэ утхущымыт.
Уэ уегъэхуабэр цIыхуэгу пщтырыгъэм
Хуабэншэу зэикI ар пхущымыт!

* * *

Си шыпхъу, адыгэ пщащэ,
Уэ фIыщэу уэолагъу.
Нэмыс, насып, дахащэ,
Сыт щыгъуи бдызолъагъу.

Къэхъункъым зэикI уэркIэ
АдэфIыр щыкIытэн,
Ныбжьэгъуэм дагъуэ пхуащIу,
Хуэмыхущ, щыпхужаIэн.

ЩIалэхэм уеихьэрхуэру,
Лэжьыгъэ куэдым ёокIу,
ЩIыIэнкъым уэ Iэщ1агъэу,
ЩIэныгъэу уэзмыгъэкIу...

Нэхущ

Нэхущ пшэплъым и бзий кхъуакIэ лыдхэр
Уафэ лъащIэм пщIыпщIу хиутхащ,
Псыхъэ щIыкIум щэфэху джанэ фафIэр
Уэрэд макъкIэ ушэу зыщIихащ.

Хьэуа къабзэм щыбауэ къыпфIэщIу
Жыгхэм тхьэмпэ щхъуантIэхэр щIаупскIэ,
Уи щхьэгъубжэ зэIудзам гумащIэу
Къыщыушэ бзуэхэм укъагъаскIэ...

ЗэзэмызикI жыыбгъэр зэрыщхъум
Гу лъэмытэу щхьэгъубжэм ныдокI,
ШхыIэн пIащIэр зытехуа бгъэгухум,
Дыхьэрэн нэкIулпIым зрешэкI...

***

Сэ уаем сыхэту сыппоплъэр куэд щIауэ,
Акъужьым уэс пхъашэр къыщIепхъэр
си нэгу,
Мазэгъуэм жэщ кIыфIыр нэхугъэ ищIауэ,
МэпIащIэр, мес,
кIуасэу хигъащIу и гъэгу.
ЩхьэжагъуэУ Iумылхэр гум еIэу полъэлъ,
Сыппоплъэр куэд щIауэ, сэ уаер
схуошэчыр,
Гухэлъым си гущIэр жьэражьэу
къегъэплъ...

***

Си хэку, уэращ си дамэр,
СльоргъэкIыр зыслIэтын.
Уэрщ си гукъэпсэ щхьудамэр
ЩыIэн упсэльытын!

Пэжым и бзий нэхугъэр
Уипкъ хахуэм пкърымыкI,
ФIыгъуэр зи щIыгу дамыгъэр
Уэращи, пщхьащымыкI.

Анэ быдзышэм десфу
Схуэхъуащ уи хуабэр лъы,
СщIа гугъэм сынэсыфу
ПщIащ си щIалэгур плъы...

Уэр нэхъ гъэсэфI сиIэнкъым,
Зеиншэу сыкъэмынэн,
Си гъащIэм зыри къыщыхъункъым,
Си хэку, ущIэбгъынэн!..

Зэадэзэпхъум я утыку

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къыззIуяха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхуплэм хьыхьэу яуха гъэзджэ галереем щагъэлъагъуэ сурэтыщI зэадэзэпхъухэу Турай Рустамрэ Атэлыкъ Мариамрэ я лэжьыгъэхэр.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къанакъуэ Жаннэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщыдэлъытыгъуэ и псалъэм къыхигъэщащ художник Турай Рустам зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ зэрыбгъэдэлъыр, и адэм и гъусэу утыку къихьа Мариам дежкIэ ар зэрыфIыгъуэшхэр.

Зэадэзэпхъум я сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр сыт хуэдэ ныбжьым итхэми - балигъэхми сабийхэми - яхуэгъэзащ. А лэжьыгъэхэр узыгъэгупсысэщ, щIэм утезыгъэгушхуэщ. Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуащ жьымрэ щIымрэ я зэпыщIэныгъэр. Зи гъэздджэ, дуней еплъыкIэ зиIэж зэадэзэпхъур зэрызэчэнджэщым институт Репиным и цIэр зезыхьэр къэзыуха Турай Рустамрэ художник щIалэ, КъБКъУ-м ДизайнымкIэкIэ и колледжымрэ КъБКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетымрэ къэзыуха Атэлыкъ Мариамрэ гъэзджэмкIэ щIэныгъэфI зэрагъэм и фIыгъэкIэ я лэжьыгъэм къыщIэуплъэкIыну хэхъуэ. Турайм и лэжьыгъэхэр щигъэлъэгъащ Третьяковскэ галереем, Москва Художникхэм я унэ нэхъыщхьэм. И Iэдакъэщ1кIэхэм щыщ Урысейм, нэгъуэщI щIыналъэхэм (Таджикистаным, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Японием) я музейхэмрэ галерее щызэхуэхэмрэ щахьымэ.

Турай Рустам фIыщIэ хуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэтэщIэхэмрэ абы зыкъэрезыгъэхьэлIэхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Суэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Шы лъэпкъыфIхэм тесу зэпоуэ

Бахьсэн щIыналъэм и «Джэдыкъуэ Плъыжь» комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ гъуэгуанэ кIыхь шым тесу зэпычыныкIэ зэхьэзэхуэ. Ар теухуауэ щытащ Аникеев Сергей и фэеплъ саугъэтыр къхьыныным. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Дагъыстэным, Мэзкуу, Липецк, Пензэ областхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм я шууейхэр.

КИЛОМЕТРИ 100 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычыным япэ уеблIэр къыщихьащ Мэзкуу областым щыщ Ковшаровэ Анастасие (Эхо де Монтпаон шымкIэ), етIуанэ хъуащ ди республикэм и шууей Зыхъуэ Замир (Азарт), ещанэр Жамбей Сэлимщ (Гектор, КъБР).

Километр 80-м япэ щыхъуащ КIэбышэ Анзор (Гильзар, КъБР), етIуанэр Къунаш Алимбэчщ (Нарадная, КъБР), Тау Аслъэнбэч ещанэщ (Рабдан, КъБР).

Километр 40 хъэзыкIахэм я деж щытекIуащ Абдуллаевэ Салихьэ (Аль-Шамс, КъБР), Гусак Елизаветэ етIуанэщ (Убых, КъБР), Тембот Динэ ещанэщ (Плок, Адыгей).

Зэхьэзэхуэм къыщыхжаныкIахэр щыхь тхьылъэмкIэ, кубокхэмкIэ, медалхэмкIэ ягъэпажащ.

«Аникеев Сергей шы лъэпкъыфI къэзыгъэхъу цIыху тельыджэу щытащ. Краснодар крайм щIэ «АдыгэшыимкIэ Аникеевым и шы завод» IэхъуцIапIэм и унафэщIу, къэралым шы лъэпкъыфIхэр къыщызыгъэхъухэмрэ адыгэшыр фIыуэ зыльагъуэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и тхьэмадзу лэжьащ. И къару, щIэныгъэ, гуащIэ куэд хилъхьащ адыгэшыр гъэбэгъуэным, абы и пщIэр дунейм лъагэу щыIэтыным. А цIыху гуащIафIэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым», - яжриIащ къыззхуэсахэм Бахьсэн къалэм и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим.

НАУРЫЗЫКЪУЭ Ислъам.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Зэманыр шэ икIауэ макIуэ жыхуаIэракъэ, илъэс 35-рэ дэкIащ Шафий Аслъэн къыззрысцIыхьурэ. Нобэ хуэдэу сощIэж япэу ар щыслъэгъуэ махуэр. Къэрмокъуэ Мухьэмэд радиом щылажьэхэр дыззхуишэсри дигъэщIыхуауэ щытащ. ЩIалэщIэ лъагъуэгуафIэ щхьэпэлъагэ, щIалэ бжьыфIэ хьекIу, и нэгум къабзагъэрэ угъурлыгъэрэ къырихьу. Абы щыгъуэ еджапIэ ищхьэм и 5-нэ курсым щеджэрт ар. Япэ махуэхэм тIэкIу Iэнкуну щытами, иужьым къытхэсхьри, игъащIэ лъандэрэ къыздалажьэм хуэдэу, гъунэгъу дыззхуэхъащ.

АДЭФI иIащ Аслъэн. Ди лэжьэгъу щIалэр унагъуэ щыхъуам щыгъуэ радиом щылажьэ журналистхэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, Дыкъынэ Хьэмид ди къэхьижьу, дыкIуат Зеикъуэ. Абы щыгъуэ къэтщIыхуащ и адэ Мухьэмэд. И зыIыгъыкIэм, и псэлъэгъуэкIыщ и щIэныгъэ. И унафэщIу щIыхь зэпишэу, фэрыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу щIыху зэпIэзырытт, щIыху гуапэт. Ильэситху фIэкIа имныибжьу, Мухьэмэд адэншэу къанэри, гъащIэм и арахъуанэ щыхьыншэхэм ягъэкIэрэхъуа, а псом ипсыхьа щIыхут ар. Абы щыгъуэ сигу къэкIаращ: ярэби, адыгэ щIыхухъуэм хэпльын хуэй хьэлыфI псори мыбы и деж щызэхуэмыхьэсауэ пIэрэ? Хьэблэми жьлэми пщIэ зыхуащI апхуэдэ адэ, сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным зи гъащIэр тезыхуэа ФатIимэт хуэдэ анэ уиIэу гуэгу пхэнж утеувэнт?! Зэрысабийрэ Аслъэн къэзгуэгурыкIуащ къэзылъхуахэм, и Iыхьлы-благъэхэм я жьIэм темыкIыу, я жьауэм щIэту, абыхэм я дуней тетыкIэр и гуаззэу. Псом хуэмыдэу щIалэщIэм дежкIэ щапхъэ хьэлэмэтт и Iыхьлы гъунэгъу Шафий Хьэчимрэ абы и щынэхъыщIэ Хьэсэнрэ. ЗэшитIым я деж имыщIэ куэд къыщищIащ абы - гъащIэм, цIыхугъэм, пэжагъэм, цIыхум псэ къабзэкIэ бгъэдэтын зэрыхуейм теухуауэ. ЩIалэм къыпхъуатэрт зэшитIым къыжраIэр, я чэнджэщхэр. Абы фIэгъэщIэгъэнт а лиIым я къыхъыр зэрыинар, ныбжьэгъу зэракуэдыр икIи абыхэм зыгуэркIэ ещхь сыхъуарт жиIэу ехъуапсэрт.

Школ нэужьым Шафий щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ къудамэм. Зы илъэскIэ щIэсауэ, дзэ къулыкъым дашI. Къыгъэзэжа нэужь пещэж и еджэным. И адэ-анэм затримыгъэхьэлъэн папщIэ, стадионым уври ток Iуэхум пыщIауэ лэжьащ еджэным къыщыдэхуэ зэманхэм. Аслъэн хуэдэ щIауэ дихьэхыр сурэт щIынми, тхэн Iэхуми, и IэдакъэщIэкI гушIэ тхыгъэ щIыкIуэр, ещанэ щIыкIэ сурэтхэр «Ленин гъэгу» адыгэ газетым ихьурэ Уэрэзей Афлик хутридзащ.

Радиом ува нэужь, Шафийм и пщэ иралъхьащ щIалэгъуэлъэн папщIэ нэтынхэр игъэхьэзырыну. Езыри ныбжькIэ щIалэтэ, хуэфащэ дыдэу а лажьэгъэр лъагъэсат. ИкIи къыщIэмыхуэу илъэс зыкъомкIэ иригъэкIыу кIащ ныбжьыщIэхэм ятеуха нэтынхэр. «ЩIалэгъуэ» радиожурналыр, пыпльхэми пыпхыни щымыIэу, къехъулIэу щытащ.

Аслъэн куэдым зэрыхуэIэижьыр наIуэ тщыхъащ: абы щIэх дыдэу къипхъуэтат нэтыныр зэрагъэхьэзырым и гу лъыботэ, щIэ куэдым зэрызрапщытым зарегъэужь.

УФ-м и Суэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт, Ленинград сурэт щIыныжмкIэ, скульптурэмрэ архитектурэмкIэ и институтым хэтащ.

ШАФИЙ Аслъэн:

Гуп Iей зэи сыхэхуакъым

щэхуэхэр. КъимыдэкIэ журналистэр дызэмыиса оператор Iэщ1агъэми зэман кIэщIым ижь хуэхъуат. Лэжьыгъэм, еджэным щыпашэ щIалэгъуэлъэр утыку къыззрыришэм, радиом едаIуэзэм зэрыригъэщIыхуэм нэмыщI, Аслъэн а зэманым зэфIегъэкIауэ щытащ Iэху щхьэпэ: МафIэдз Сэрэбий къыдигъэкIа «Адыгэ хабзэ» тхылъ хьэлэмэтым итхэм, къанэ щIагъуэ щымыIэу, радиокIэ кахуеджащ.

Ар щIалэ дыдэу СССР-м и Журналистхэм я союзым хагъэхьащ. Нобэ Урысейм и апхуэдэ зэгухьэныгъэм хэтщ.

Ди ныбжьагъу щIалэм дэплъагъурт зи Iэщ1агъэм хуэIэзэ журналистым хэпльын хуей, ауэ тхэн Iэхэр пщэрылъ зыхуэхъуа зыкъомкIэ зыхуэIэей зы Iэху бгъэдыхьэкIэ. РадиокIэ къэдгъэпсэльэну зижьэ дихьэ яныкIыкъуэ унафэщIхэм дыкъагъэпльеймэ, Аслъэн а лъэныкъуэмкIэ къыщIэхэрэтыжьаи. А зыбгъадыхьар щIэх дыдэу ныдихьэхырт и псэлъэкIэмкIэ, и гушыIэкIэмкIэ, и нэгу зэлъыухамкIэ. Абы теухуауэ ди радиом и редактор нэхъыщхьэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд жиIауэ щыта: «Уэлей, Шафийм мыдэри къыгъэпсэлъэфынымэ».

«ГушыIэр Тхьэм и щIасэщ», жи адыгэ псалъэжьмэ. Аслъэн хьэуэжьыуэщ. Апхуэдэ хьэл зэрыхэлъыр и гъащIэ гуэргуанэм, дауи, сэбэн къыщIыхуохъу. ЗыгуэркIэ гукъыдэж щIагъуэ умыIэу уIущIамэ, къэхуа-къэщIа Iэхуэгуэр гуэр къеIуэтэжри, уи нэгури зэлъыуокIыж, уигу щIэныкъуэри пIэщIохуж. Аслъэн гушыIэр зэрищIасэм, пасыпа щхьэкIэ и жьыр зэримыIэбэм и зы щапхъэ щIыкIу къэхьнищ. Хьэжькъарэ Алик, ар сэ сыещанэу зэгуэрым Аруан къуажэм дыкIуат а жьыпэм и Iэуху зытетым дытетхыхьыну. Колхозым и тхьэмадэ Мэзыхьэ Iэуесбий къэтпьхъуэуру щыдмыгъуэтым, зыгуэрым къыджиIащ складымкIэ щыIэнкIэ зэрыхьунур. ДокIуэ а жьыхуаIэм. Псалъэмакъ нэзыщIэлъкI абы дэт унэ щIыкIумкIэ доунэт. ДыздыщIыхьам щIалиц щIэт, Iэнэ къагъэувауэ - лырэ кIэрIоф гъэжьагэ зэщIэлъу зэрыпль тебэшхуэр, агъуэгъэхъэри щIигъужу, къагъэхъэрычэта къудейт. «Фыкъебгъэ» жари къыптщIугфIыкIащ. Аким къащIыхуурт, я къужьгъуэри. ИтIанэ зы къэпсалъэри жиIащ: «Уэлей, фыкъызэрыкIуэнур тщIамэ, мэл фхуэдэуКIынтэм». А меданым Аслъэн, «дэ зыщIыпIи дыпIащIэркъым», жиIэри дигъэдыкъэшхащ...

Сыт хуэдэ IэхуэкIэ зыхуумыгъазэми, хуэзфIэкIыну зыкъуэмэ, Аслъэн укъигъэщIэхъунукъым. Радиом къыщыдэлэжьа зэманым, автомашинэ исти, куэдым сэбэн яхуэхъуащ: пIащIэгъэкIэ зыгуэр зыщIыпIэ яхуэкIуни, бззэрым щэхуэкIэ кIуэнуми, Iэхуэхъэбзэ яхуищIэрт. Апхуэдэур ар зэрагъэсар - хуэзфIэкIымкIэ цIыхум защигъакъуэу - псалъэ мыхъумыщIи жиIэу зэхэпхынукъым, и нэмысымрэ и цIыхугъэмрэ сыт щыгъуи япэ итщ.

Радиом иужькIэ телевидениэм илъэсипщIым нэблагъэкIэ щылэжьащ Аслъэн. Абыи нэтын купщIафIэ хуэщ щытрихащ. Телевизорепльхэм хуабжьу гунэс ящыхъурт абы зэрригъэпэщ гушыIэ тепIэгъэгъэр.

ЛIыпIэ иува цIыхур зэм-зэм зэплъэкIыжу и гъащIэ гъунэгъэр щIыщипщIытыхьэ щыIэщ. И блэкIар гукIэ щызэрригъэзэхуэжкIэ, щриплъэжкIэ, Аслъэн и нэгу къыщIоувэж щIэныгъэ лъагъуэм тезыщахэр, чэнджэщкIэ, IэхуэкIэ зыкъыщIэзыгъэкъуэхэр, пэжу къыбгъэдэтахэр, щапхъэ къыхъэуэхэр:

- Сэ зэи сщыгъупщэнукъым си япэ егъэджакIуэ Къалмыкъ Зои, класс унафэщI ГуэззэджэУ щыта Шыд Натальи, адыгэбзэр фIыуэ сэзыгъэльэгъуа Ует Аслъэнбий, нэгъуэщI цIыху тельыджэ мымащIэу, фIыщIэ ин зыхуэсщIэхэри. Радиом пэжьапIэ къыгуэвэ нэужь, щынэхъыщIэу сыкъабжьу къызбгъэдэтащ, я сэбэн къызэкIащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Дыкъынэ Хьэмид, Хьэжькъарэ Алик, Джаназ Юрэ, БжэнькIэ Мухьэб, Къардан Хьэсэн, нэгъуэщIхэмкIэ. Телевидениэм сыщыщыIами, ещхьыркъабзэу, щыху ахъырзэманхэщ сызыдлэзжьахэр - псом япэу и цIэ кхъхэзгъэщIну сыхуейт Шурдым Алихьан - абы хуэдэу цIыху псэ къабзэ, цIыху жумарт куэд срихьэлIакъым. Къыздэсхьэу Хьэсэни, Урыс Мухьэзэрыи, Тхьэмокъуэ Барэсбии, Жьыпатэж Сэлэдини цIыху тельыджэхэу щытащ. Пэжыр жысIэнщи, дэнэ сыщымылэжьами, гуп Iей зи сыхэхуакъым. Нобэ сыщылажьэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щыIэхэри апхуэдэу собж.

Аслъэн иIэщ щIалитI: Аэзмэтрэ Аэрэтрэ. Нэхъыжьым Ростов къалэм дэт къэрал университетыр къиухащ, информатикэ Iэхуэм пыщIа Iэщ1агъэ иIэу, нэхъыщIэр Ставрополь къалэм щыIэ еджапIэ ищхьэхэм ящыщ щым щIэсщ, 5-нэ курсым нэсауэ.

Гъащ1э - жьауэгъэращи, цIыхум и гъуэгур удз гъэгъакIэ къъгъэтIылъыхьакъым. Хууей-уху змеймии, абы гъэунэхунигъэ зыбжанэм хууешэ, уеудыныщIэ. ЛIыпIэ иува ди шынэхъыщIэм дохъуэхъу узынщагъэр и бащэу дяпэкIи и гъэ-гъуэгур икIуну, и гу зыхуеIэ, зыщIэхъуэпс мурадифIхэм и Iэр лъэIэсыну.

САУТ СулътIан.

УнафэщI-редактор
ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, ЖьэкIэмыихъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщIымыщI Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъуэзэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхэуцl1апIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.625
Заказыр №2581
12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Iэхуэгъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iэхуэ еплъыкIэр зэтехуэ зэпытыу щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

ГугъэфIхэр къыдат

● Футбол

«Динамо» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык»: 1:2 (1:0) Ставрополь, «Динамо» стадионым. ЩэкIуэгъуэм и 25-м. ЦIыху 247-рэ еплъащ.

«Динамо» (Ставрополь): Лизенкэ, Бронников (Иванов, 88), Ярцев, Кокоев, Серченков, Исик, Пучков, Болгов, Тороснн, Жангуразов (Селагаевэ, 68), Хокришвили (Фещенкэ, 78).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Далиев, КIэдыкIуей, Березов, Молэмуэз, Хьэшыр, МэкIуауэ (Масленников, 46), Торосян, Жангуразов (Селагаев, 61), Дмитриенкэ (Топурие, 46), ЛIуп (Котов, 80).

Судьяхэр: Харин (Вологдэ), Валов (МэкIуауэ), Волков (МэкIуауэ).

Толхэр дагъэкIащ: Хокришвили, 13 - (1:0), ЛIупым, 63 (1:1), Селяевым, 90 (1:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Хьэшырым, МэкIуауэм, Торосян.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командхэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я етIуанэ Iыхьэм ипкъ иткIэ щэкIуэгъуэм и 25-м «Спартак-Налшыкыр» щыхьащIащ Ставрополь и «Динамо»-м деж.

«Спартак-Налшыкым» иригъэкIуэкIа иужьрей зэхьэзэхуэм зыри хуэмеижу фэ тетами, хьэщIапIэ щыIэу зитакъым, уеблэмэ ерыщагъэр къыждэригъэ къинэлъэгъуэу Ставрополь къалэм щыдижагъащ. Пэжыр жыпIэмэ, хэгъэрейхэми, зэIущIэр зэрирухну щыкIэр къафIэмыIуэхэущми хъунут. Сыту жыпIэмэ, абыхэм «лъэ быдакIэ» турнир таблицэм и лъабжьэм зыщагъэбыдат.

Ауэ, абы щхьэкIэ къэмынэу, зэIущIэм и япэ Iыхьэм «Динамо»-р хьащIэхэм къебгъэрыкIуэ зэпыту екIуэкIащ. Кожжыпэжь, Исик, Пучков, Мэкъуауэ (Масленников, 46), Торосян, Жангуразов (Селаев, 61), Дмитриенкэ (Топурие, 46), ЛIуп (Котов, 80).

Судьяхэр: Харин (Вологдэ), Валов (МэкIуауэ), Волков (МэкIуауэ).

Толхэр дагъэкIащ: Хокришвили, 13 - (1:0), ЛIупым, 63 (1:1), Селяевым, 90 (1:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Хьэшырым, МэкIуауэм, Торосян.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командхэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я етIуанэ Iыхьэм ипкъ иткIэ щэкIуэгъуэм и 25-м «Спартак-Налшыкыр» щыхьащIащ Ставрополь и «Динамо»-м деж.

«Спартак-Налшыкым» иригъэкIуэкIа иужьрей зэхьэзэхуэм зыри хуэмеижу фэ тетами, хьэщIапIэ щыIэу зитакъым, уеблэмэ ерыщагъэр къыждэригъэ къинэлъэгъуэу Ставрополь къалэм щыдижагъащ. Пэжыр жыпIэмэ, хэгъэрейхэми, зэIущIэр зэрирухну щыкIэр къафIэмыIуэхэущми хъунут. Сыту жыпIэмэ, абыхэм «лъэ быдакIэ» турнир таблицэм и лъабжьэм зыщагъэбыдат.

Ауэ, абы щхьэкIэ къэмынэу, зэIущIэм и япэ Iыхьэм «Динамо»-р хьащIэхэм къебгъэрыкIуэ зэпыту екIуэкIащ. Кожжыпэжь, Исик, Пучков, Семён, Степановичи Артём, Исик Артём, Хокришвили Давид сымэ зэIущIэм и япэ Iыхьэр бжьыгъэшхуэкIэ къыттекIуэ ирагъэуэхьи яхуэзфIэкIынут, ауэ псоми зыгъэкIуэ яхурикъуэкым, ар зрагъэхьулIэн папщIэ.

Зэ1ущ1эм и етIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэу щытыкIэр зэуэ нэгъуэщI хуэщ, налшыкдэсхэм бжьыпэр яубыдри, хэгъэрейхэм, зэрыжаIэу, щхьэ къэIэтыпIэ ирамыту щIидзащ. Тхьэм ешIэ зыщагъэсэпсэху дакъикъэ щIэжанэм тренерым абыхэм къажриар, ауэ абыхэм, къыпхуэмыцIыхуужьыным хуэдэу, я джэгукIэм зрагъэхъуэжат. Иджы «Спартак-Налшыкыр» хэгъэрейхэм я гъащIэм къытекIыртэжыным икIи зэкIэлъыпыту Iэмалхэр къыззрагъэпэщырт, зэIущIэм и бжьыгъэр зэхуэдэ ящIын, уеблэмэ япэ ищын папщIэ.

Арати, апхуэдэ ерыщагъым фIы гуэр къыдэкIуэн хуейтэкъэ зэгуэрым. ИкIи мыгувэу ЛIуп Исльам ар нэрыльагъу ищIащ. Футболым кIэлъыплъхэм гу лъатами щIэрыкъым, ауэ а щIалэм иужьрей джэгуэгъэхэм топыр хьэрхуэрэгъуэхэм яхудегъэкI икIи текIуэныгъэ къытхуехь.

Сытми, зэIущIэм и 62-нэ дакъикъэм ЛIупым зэIущIэм и бжьыгъэ 1:1 ищIащ. Абы иужькIи налшыкдэсхэм я ебгъэрыкI